

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

ONÈ, RESPÈ, AK REKONESANS POU TOUT TRAVAY SOSYETE KOUKOUY FÈ PANDAN 59 ANE SA YO.

Otè : Henri-Robert Durandisse
Powèt, ekriven ak sitwayen angaje

Jodi a, nan okazyon espesyal 59yèm anivèsè ou, mwen ekri ou yon lèt ki chaje ak lanmou, respè epi rekonesans. Lèt sa a se yon temwayaj vivan ki soti nan fon kè m, tankou bri kòn lanmou k ap anonsé viktwa lang ak kilti nou. Sosyete Koukouy, ou se yon limyè ki pa jann etenn, yon flanbo ki ap kwape fènwa, yon gadyen konviksyon ki pote chalè lespwa pou idantite ayisyen an.

Se pa fasil pou gen tèt ansanm pandan 59 lane. Chak etap ou franchi se yon temwayaj kouraj, detèminasyon epi bél vizyon. Pou di ap jann genyen yon moman ki pi bél pase jodi a pou nou kanpe ansanm salye ou, felisite ou epi remèseye ou pou tout sa ou fè pou kilti ayisyen an.

Sosyete Koukouy : yon limyè k ap briye depi 1965

Depi 18 desanm 1965, ou leve yon estann ki fè Ayiti make yon pwen nan listwa kiltirèl lemonn antye. Nan yon konteks kote yo toujou meprize kilti ayisyen yo, mete li nan kwen, ou te oze fè tande vwa ou. Ou te fè yon deklarasyon fò : "Kilti pa janm mouri, e li merite tout respè." Avèk karakte sa a, ou antre nan memwa tout moun kòm yon mouvman literè, kiltirèl, sosyal epi ideyolojik.

Ou chwazi konstans, ou chwazi devouman, ou chwazi respè, men anplis de sa, ou chwazi goumen. Ou goumen pou ou fè moun respekte pawòl kreyòl, ou goumen pou ou fè yo respekte mizik, dans, penti, literati, teyat, ak tout sa ki gen rapò ak idantite ayisyen. Memm lè van an te soufle fò, menm lè menas te parèt sou wout ou, ou te rete fèm. Se sa ki fè jodi a, apre 59 lane, ou toujou kanpe dwat. Ou se modèl rezistans, yon lekòl kouraj, yon senbòl òganizasyon ki fè Ayiti onè.

Kontribisyon majè Sosyete Koukouy nan literati ak kilti kreyòl

Pandan 59 lane ou pase nan batay la, ou pote anpli kontribisyon ki make listwa. Pawòl pa sifì pou mwen mete yo sou papye, men nou dwe mansyone kèk nan pi gwo reyalizasyon ou yo.

Revi Literè "Pawòl Kreyòl" : Nan lane 2009, ou te lanse premye revi literè nan lang kreyòl, yon inisyativ ki montre kijan ou angaje nan literati ayisyen an. Avèk sa, ou louvri pòt pou ekriven kreyòl yo, ou ba yo yon platfòm pou yo ekri, pataje panse yo epi montre reyalite lavi Ayiti. yo.

Pwomosyon Teyat Kreyòl : Sosyete Koukouy mete sou pye divès pyès teyat ki rakonte listwa pèp ayisyen an, ki fè yo viv eksperyans chak jou ak refleksyon sou lavi an Ayiti. Pyès tankou "DPM kannèt" ak lòt pwodiksyon ki fèt nan branch Miyami, make memwa tout moun ki asiste yo.

Paj kreyòl ki parèt chak semèn nan *Journal Haïti en Marche*, nan seksyon Sosyete Koukouy an aksyon ki twouve li nan paj 15 jounal la.

Piblikasyon Manm Sosyete Koukouy : Manm ou yo pibliye plis pase 120 zèv nan diferan domèn tankou pwezi, teyat, woman, esè, eksatera.

Sosyete Koukouy pa janm sispann òganize gwo festival ak evènman tankou **Book Fair** nan Miyami. Evènman sa yo fè kominote ayisyen yo pataje tradisyon yo ak lòt kominote. Anplis de sa, festivite sa yo sévi kòm pon ant dyaspora a ak Ayiti.

Nan tout branch Sosyete Koukouy nan monn lan (Kanada, Etazini Ayiti, Arabini), ou òganize gwo konferans pou moun reflechi sou lavní kreyòl la. Refleksyon sa yo pèmèt moun konprann, kreyòl se pa sèlman yon lang, men li se tou yon zouti idantite, yon konpa ki gide lavi ayisyen an.

Ewo nan Lonbray yo

Dèyè reyalizasyon sa yo, genyen non moun ki toujou ap goumen nan lonbray. Yo pa bezwen gwo limyè pou klere non yo, men istwa pa pe janm bliye yo. Yo se ekriven, aktè, animatè radyo, konseye kiltirèl, konseye kominotè, gadyen memwa, direktè festival, ak anpli lòt aktè kiltirèl ki mete tout fòs yo nan travay la. Se gras ak aksyon sa yo, nou gen privilèj selebre 59yèm anivèsè Sosyete Koukouy.

Yon Angajman pou Lavni

Memm jan pyebwa ap grandi apati rasin li yo, ki branche toupatou, Sosyete Koukouy dwe kontinye grandi, epi nou tout gen yon wòl pou nou jwe nan sa. Rasin kreyòl la fò, men li toujou bezwen dlo. Mwen swete, pou 60yèm anivèsè ou, Sosyete Koukouy, ou rive pi lwen toujou. Annou mete kreyòl an premye. Nou la pou nou ede ou ranfòse rèl la nan tout peyi, kote Ayisyen ap anrasinen prezans yo. Se yon devwa sakre, yon misyon ki dwe kontinye.

Felisitasyon Final ak Onè

Sosyete Koukouy, ou se yon modèl pou òganizasyon kiltirèl nan lemonn. Ou montre ki jan rèv, kouraj, ak detèminasyon kapab pote chanjman reyèl. Gras a ou, kreyòl pa jis yon lang, men li se yon idantite, yon fyète, yon fòs ki kanpe dwat.

ADOMI PURCHASING AGENCY

Tel. : 786-457-8830 • Fax: 305-756-0979

e-mail : pasacalia@aol.com

Pour tous vos achats :

Equipements pour construction / Pièces de voiture / Camion /

Equipement médical

Par avion ou par bateau.

Bòn fèt, Sosyete Koukouy ! Kenbe fèm ! Kontinye klere ! Kontinye kwape fènwa ! Fòk tout jenerasyon yo konnen, 18 desanm 1965, pa yon jou pa tankou lòt jou. Se depi jou sa a menm, istwa lang kreyòl te chanje pou tout tan. Avèk tout kè mwen, tout lanmou mwen, respè pou tout tan.

AYIBOBO SOSYETE KOUKOUY AK MOZART F. LONGUEFOSSE

Ayibobo pou sosyete Koukouy k ap feraye depi 59 lane pou ba lang kreyòl la bon jan jarèt ak jèvrin ! Sosyete Koukouy tachte toupatou kote li pase : kreyòl byen benyen, byen poudre, tankou tout lang sou latèbeni.

Ayibobo sitou pou tout militan aktivis soysyete Koukouy, espesyalman pou zanmi nou, *Michel-Ange Hypolite* (Kaptenn Koukouwouj) ak Jean-Robert Placide, ki toujou kanpe kin nan tou sa k ap fèt pou leve eskamp figi kreyòl la. Se ak anpli plezi, nou fè ti temwayaj sa a sou tout travay y ap fè pou Ayisyen valorize lang manman yo nan tout aktivite lavi yo. Jounen jodi a, anpli moun ka panse batay pou fè respekte lang kreyòl la bout. Epoutan, yo ta pran te sezisman wè se yon travay manchlong : an kòmansan pa Leta ayisyen ki pa pran okenn mwayen pou fè respekte dwa lenguistik pèp la, pase pa enstitisyon ak ministè yo ki pa fè twòp jefò sou zafè kreyòl, rive sou toya k ap voye kont Akademi kreyòl la ki kanpe-kinalaganach depi dis lane.

Lè nou gade, si se pa t kèk sitwayen konsekan, tankou manm sosyete Koukouy ak kèk gwoup militan kreyolis, se nan video plezi mizik, nan kèk fim machokèt, banbòch ak kanaval osnon nan di betiz sèlmam nou ta tande pale kreyòl. Kanta politisyen ak entèlektyèl yo menm, yo t ap fèk kare kontinye itilize lang nan pou fòlkòl epi fè pèp dodomeya. Se anpli jefò, depi refòm Bernard, plizyè kanpay alfabetizasyon, pozisyon san konsesyon ti Legliz yo ansanm ak devouman gwoup tankou Sosyete Koukouy, Sant N a Rive, KEPKAA, eks. ki fè lang nan tounen zouti lave je, zouti komunikasyon pubblik ak zouti pou developman pèp ayisyen. San sa, menm jan ak laten an, lang kreyòl la t ap gentan kadav. Nou t ap fèk kontinye tande kreyòl pale san nou pa konprann ki kreyòl epi pou ki moun...

Mezanmi, pou yon gwoup ap konnen zòrèy nou depi senkant nèf lane sou enpòtans ak fyète lang manman nou an, se pa ti zafè ! Reyèlman vre, kontribisyon sosyete Koukouy nan klere je Ayisyen tèlman kapital, nou panse Inivèsite Leta ayisyen an ta dwe ba ekip moun sa yo yon doktora onorifik pou make pèseverans ak travay yo nan kenbe flanbo eritaj kiltirèl sa a byen vivan. Men, nou deja konprann : pawòl doktora m ap pale la a, se rèv; paske Leta ayisyen pa menm pilbliye « Le Moniteur » an kreyòl alewè pou l ta nan rekonèt moun ki ap travay pou tout Ayisyen konnen se kreyòl yo ye.

Alaverite, nou pa toujou konprann kèk pozisyon sèten Koukouy genyen kont lang franse, ki se youn nan lang ofisièl peyi a bò kote kreyòl la. Noumenm, nou kanpe sou yon pozisyon ki klè : n ap baytay pou respè ak plas lang kreyòl la. Plis toujou, nou di : nan respè Konstitisyon an, tout Ayisyen t a dwe pale, konprann epi ekri ni franse ni kreyòl. Kòm nou konnen, se pa sa l ye. Se pou sa nou chwazi goumen pou kreyòl, pa kont franse. Byen vit, mwen fèmèn parantèz la paske ti divèjans sa a pa janm ampeche nou travay ansanm, pou lang kreyòl la, nan enterè pèp ayisyen an.

Gen yon pawòl ki di : « Chak koukouy klere twou je yo ». Noumenm, nou kwè koukouy tankou Kaptenn yo klere pou tout Ayisyen. Si nou chak te fè yon ti moso nan travay sa a, jodi a, nou pa ta menn bezwen ap pale sou plas kreyòl nan lavi pèp ayisyen.

Wi, pou 59 lane travay san pran souf, sakrifis ki pa rete ak sakrifis, konsyantizasyon maten, midi, leswa, pou prezans yo andedan Akademi kreyòl la, nou reklewonen ak gwo twonpèt remèsiman : chapoba pou Sosyete Koukouy ! Onè pou tout Koukouy k ap travay pou klere je ak sèvel tout natif natal ki poko konprann si se kreyòl nou ye.

Nou swete Sosyete Koukouy 59 lòt lane ankò ! Ayibobo !

Mozart F. Longuefosse

BENEDIKSYON POWÈT SOSYETE KOUKOUY Ak DENIZE LAUTURE

Nan yon lannuit san zetwal, san lalin, Nèg kè powèm nan rale yon gwo mòn, lè li resi rive sou tèt mòn lan, li tonbe sou yon gran platon. Sou gran platon an, je li wè yon rektag limyè atè a. Li avanse ak laperèz sou pwent pye. Lè li rive tou pre rektag limyè a, sezisman pran li. Li wè rektag limyè a se yon rektag koukouy.

Li kanpe devan rektag mèvèy la, myèl beni emosyon pi dous anvayi kè li. Poutan lè li te yon ti pedevi, li te pè koukouy. Kounye

a, li vin konprann yon bann Koukouy ak limyè ak zèl k ap bat nan mitan lannuit se kapab yon zafè eksepsyonèl sou zo do mòn kale Ayiti Toma.

Nèg kè powèm nan fose koube vye do li, ak men li ki ap tranble, li ranmase rektag limyè a. Kè li bat Bip! Bip! Bip! Limyè koukouy yo fè li wè se yon trezò istorik, yon ja lò literè ki nan men fèb li. Kòm li te lannuit, li te panse se yon wanga limyè zobop, men, li vin wè se yon BENEDIKSYON POWÈT SOSYETE KOUKOUY, yon trezò natif natal peyi li. Se yon bél kouwònan sanba natif natal depi lanne mil nèf nan swasan senk rive sou jounnen jodi a. Ala yon travay chaje ak empòtans!

Se vrèman yon defile bél limyè, bél koulè ki ouvè je nou sou chimen renmen patri nou, renmen lang manman nou ki rive nan men nou kounye a. Gade byen, kijan achitèk yo ki plen pasyon pou trezò nou an kreye yon zèv bon jarèt, yon zèv lakansyèl ki pote tout koulè lang manman nou an.

Se vrèman yon defile bél limyè, bél koulè ki ouvè je nou sou chimen renmen patri nou, renmen lang manman nou ki rive nan men nou kounye a. Gade byen, kijan achitèk yo ki plen pasyon pou trezò nou an kreye yon zèv bon jarèt, yon zèv lakansyèl ki pote tout koulè lang manman nou an.

Denize Lauture
Ekriven, Powèt
Bwonks, Nouyòk
denize_lauture@yahoo.com

KOUKOUY: FLANM KI KLERE TOUT FÈNWÀ AK HENRI-ROBERT DURANDISSE

Mwen sòti nan vant lannwit. Mwen se yon ti flann ki ap briye nan fènwa. Kò mwen, tou pití, pote yon limyè dous ki klere, gide vwayajè nan nwit la. Mwen se yon mesaje, yon pon ant lajounen ak lannwit. Limyè mwen vle retire tout moun nan fè nwa.

Pou mwen, espri kominotè ak solidarite se priorite lavi mwen. Mwen pa janm poukontmwen. Mwen toujou konekte ak lòt kaptivan tankou mwen. Ansam, nou vle kreye yon simfoni limyè nan espas kote nou ye. Nou vle bati yon spektak ki pote ensiprasyon.

Détèminasyon mwen pa gen parèy. Nwit apre nwit, mwen sòti nan kachèt mwen epi mwen klere. Anyen pa ka kontrarye mwen. Lapli, van, fredi, lanèj pa ka soufle limyè mwen. Mwen se yon fòs lanati, yon senbòl pèseverans ak lespla. Mwen se yon lidè. Mwen gide lòt frè mwen ak sè mwen yo. Mwen inspire yo pou yo apwann klere ak pwòp limyè yo. Mwen montre wout la, mwen ancouraje kolaborasyon ak solidarite nan mitan nou. Nan sans sa a, mwen vle toujou pèsevere menm nan tan difisil.

Mwen se Koukouy. Lavi mwen se pote limyè. Depi jodi jouska demen, nou ap pote limyè. Limyè mwen pran rasan andedan pou li ka bay deyò enèji. Mwen se senbòl lespla lavi alemye. Ak pèseverans Sosyete Koukouy, nou vle viv nan lonbay koukouy, chase fènwa pou konstiwi yon sosyete ayisyen ki klere epi ekclere.

